M1 82.3(2)
Қ50



# ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ЖУМБАҚЛАРЫ

82. 3 (2)
А—57

**Қарақалпақ халық жумбақлары:**

— Нөкис: Қарақалпақстан, 1996. 28 бет.
Балалар ҳәм жас өспиримлер әдебияты бөлими.

Жумбақлар — халық ауыз еки дөретпелериниң бири болып, қашан да балалардың ой-өрисин, тәбиятқа болған түсиниклерин, талғамларын раўажландырыўға айтарлықтай тәсир жасап келген.

Қолыңыздағы китапшаға халық жумбақларының ең сайландыларын, идеялық ҳәм көркемлик шеберлиги жетилискен түрлерин ықшамлап енгизип отырмыз.

Баспаға таярлаған: **Әсен Алымов** *—филология илимлериниң кандидаты.*

Хр 02

228263

ҚҚАССР
Республикалық ...
библиотека

8855

Ф $\frac{4702200106-282}{М-357(04)-96}$ 10—96

ISBN—5—8272—1634—8

MA'LİMLEME
RESURS
ORAYI

**© ,,Қарақалпақстан" баспасы, 1990.**
**Ықшамланып қайта басылыўы**
**© „Қарақалпақстан" баспасы, 1996.**

Т 19
ХДО

## ЖУМБАҚЛАР ҲАҚҚЫНДА СӨЗ

Жумбақлар—халық аўыз еки поэтикалық дөретпелериниң ишиндеги ең әййемги раўажланған жанрларының бири. Жумбақлар адамлардың мийнет тәжирийбелерине, халықтың турмыслық ўақыяларына. дәстүрлери менен ойларына ҳәм дүнья карасларына жәмийеттиң ҳәр қыйлы раўажланыў этапларына байланыслы дөрелген оғада бай жанрларының бири болып есапланады. Соның ушында жумбақлардан ҳәр қыйлы тарийхый, сиясий ҳәм тәбийий жағдайларда жасаған адамлардың өмири, турмысы жасаў жағдайлары менен дүнья түсиниги жөнинде қызықлы мағлыўматларды табыўға болады. Соның менен бирге, жумбақлар халық поэзиясының бир формасы сыпатында әййем заманлардан тартып, тап усы бүгинге шекем оның ҳәр қыйлы мәнилерде айтылыў усылларын, гәп қурыў, әдислерин ҳәм түсиниклерин өзинде қәстерлеп сақлап киятырғанының гүўасы боламыз.

Адамлар турмыста қолланып киятырған әпиўайы затлардың мийнет қуралларының күнделикли услап-тутқан буйымларының өзлерине тән өзгешеликлерин бәркулла елестире бермейди. Жумбақлар болса бизиң онша итибар бермей жүрген затларымыздың өзине тән сырлы белгилерине дыққатымызды аўдартып оны ҳәр тәреплеме билип алыўға мәжбүрлейди. Бир ғана заттың өзине баска затлардан, қубылыслардан мәнисин бөлеклемей, соның менен бирге зат ҳәм қубылыслардың өзгешелигин анық ҳәм саррас етип, жумбақлардың бир қанша вариантларын дүзиўге болады.

Қарақалпақ жумбақларында даналықтың ҳасыл таслары жийекленип турган көркем сәўкеле сыяқлы жумбақлардың образлылығы сүйкимли түрде ашып берилип олар мийнет процеси җәне турмыс пенен тығыз байланыста баян етиледи.

Жумбақларда лийдиленген затлардың тарийхый тийкарын ашып бериліўи күтә қызықлы ҳәм ядта қалатуғын болып көзге тасланады. Мәселен, Инсанның туўылыўы җәне камалға келиўи туўралы жумбақлардың дөрелиўи әййемги дәўирлерди өз ишине алады.

Азанда төрт аяқлап жүреди,
Түсте еки аяқлап жүреди,
Кеште үш аяқлап жүреди.

Бул жумбақта адам өмириниң ҳәр қыйлы дәўирлери, яғный ембеклеў дәўири, ер жетиў ҳәм картайғанда ҳасаға сүйенип жүретуғын пайытлары сәўлеленген.

„Дүр-дүр етеди, Түркистаннан жетеди“ деген баска бир жумбақта Един-жайық, Әмиўдәрья және Сырдәрья бойларында жа аған Қарақалпақлар арасындағы жазба байланыслар ҳаққында сөз етиледи.

Жумбақ „Ақ күшигим аңқ етти, даўысы Хийўаға жетти“ Қарақалпақ-ларда оқ атыў мылтығының болғанлығы ҳәм олардың Хийўа ханлығы менен қарым-катнаста болғанлығынан дәрек береди. Бул жерде тек мылтық ҳаққында ғана емес, мылтықтың суўықлығы, ал ол арқалы Хийўа ханының мийримсизлиги, сондай-ақ сол дәўирдеги миллетлер арасындағы ала-аўыз-лық (келиспеўшилик) көрсетиледи.

Мине, самаўрын, орсы қобыз, граммофон, тигиў машина, файтон арба ҳәм мүйизгекли етиклер ҳаққындағы жумбақлардың Орайлық Азияны Россия жаўлап алғаннан соң пайда болғанлығы айтылады. Булардың бар-лығыда „Орыс келди дегенше ырыс келди десең-о“ мақалының пайда болыўына себеп болады. Мәселен, самаўрын ҳаққында мынадай жумбақ пайда болды:

Өзек емес, сай емес,
Суў ағады жылғадан,
Өз-өзинен турады,
Зорыққан аттай ҳарлаған.

ямаса басқа варианты: „Айтаман мен бир жумбақ сересинен орыстың, он еки урыў төресинен“ ҳәм т. б. теңгелер ҳаққында жумбақларға дыққат аўдарайық (қағаз пуллар ҳаққында емес) „Кишкене ғана безирген, дуйым журтты ол гезген“.

Бунын барлығы да тарийхшыларды күтә қызықтырыўы керек, деп айтар едик.

Улыўма айтқанда жумбақларды ҳәм жумбақлардың анатомиясын изертлей отырып, жумбақлар (өзиниң тийкарғы аткаратуғын ўазыйпасынан баска) тарийхшылар, экономиканы, тилди изертлеўшилер, этнографлар, педагоглар ҳәм көплеген басқа қәнигелер ушында бийбаҳа қолланба ма-териал болып хызмет атқарады, деп жуўмақ шығарыўға болады.

Адамның ой-өрисин кенейтиў, қоршап турған әлемди билип алыўда жумбақлардың роли оғада уллы. Қус ҳәм мәйек ҳаққында да „Еки туўа-ды, бир өледи“, „Тириден өли туўады“ балық ҳаққында „Басы барда шашы жоқ, көзи барда, қасы жоқ“ ямаса пышықтың турқы ҳаққында де-реген жумбақта.

Мурты бар сақалы жоқ,
Үстине кийетуғын шапаны жоқ,
Отырып от басында пайда ойлайды,
Алысқа баратуғын сапары жоқ ҳ. т. б.

Булар адамды пүткил ҳайўанат дүньясы, қуслар ҳәм олардың тири-шилик тәрзи, сыртқы көриниси, өзлерине тән ҳәрекетлери ҳәм т. б. менен таныстырады.

Ҳайўанат дүньясы ҳаққында жумбақлардың қызықлы вариантында:

Он еки түйе, он бийе,
Тоғыз сыйыр, бес ешки,
Еки ярым қоян, үш түлки.

Бул жумбақта көркем сүўретлемениң тийкары болып ҳайўанлардың туўылыў дәўири сәўлеленген

Айырым жумбақларда мийнет өзгешеликлери менен мәўсимлик жасаў қәсийетлери („Жазда базар, қыста мазар“) деп ашып бериледи.

Белгили болғанындай, жүзим Қарақалпақстанда күшли суўықтың салдарынан қыста мәжбүрий тәртипте жерге көмилип, үстине топырақ үйилип қойылады.

Жумбақлардың заманагөйлиги ҳаққында айта келип жана жумбақлардың пайда болыўында көркем сөз шеберлериниң ролин атап айтыўға болады. Бул мәнисте көрнекли шайырларымыз Садық Нурымбетов., Г. Жумамуратов, М. Сейтниязовлардың хызмети дыққатқа ылайық, олар қарақалпақ жумбақларының алтын хорынан беккем орын алған өзлериниң жумбақлар жыйнақларын дөретти ҳәм баспадан шығарды.

Қарақалпақ жумбақларының көркемлик өзгешеликлери ҳаққында айта отырып, жумбақлардың тематикалық ҳәр түрлилиги, сәўлелениў усыллары, тили композициясы, тәкирарланыўы, анафопасы, теңеўлери, эпитетлери, метафорасы. гиперболасы, Литата, қосық қурылысы сесананс, аллитерициялары ҳ. т. б. көрсетиў, жумбақлардың миниатюралық көринислерди сәўлелендириўши көркем шығарма болып хызмет атқаратуғынлығын атап өтиўимиз керек.

М. К. Нурмухамедов — — *академик*

Ә Алымов — *Филология илимлериниң кандидаты.*

## АНА ТӘБИЯТҚА БАЙЛАНЫСЛЫ ДӨРЕГЕН ЖУМБАҚЛАР

Асты гүмбезли, үсти-ҳайўанлы,
Қырқ шашақлы бир пөпекли.

*(Аспан, жер, жулдыз, ай, күн)*

Еки гилем кең гилем,
Екеўиде тең гилем.

*(Аспан, жер)*

Ақ сандығым ашылды,
Ишинен жипек шашылды.

*(Күн)*

Бир пәрше-пәтир,
Әлемге татыр.

*(Ай)*

Бир көлде еки жайын,
Бири кетсе, бири тайын.

*(Ай, күн)*

Там басында жарты нан.

*(Ай)*

Биз-биз, биз едик,
Биз мынлаған қыз едик,
Таң атқанша жайылдық,
Таң атқан соң жойылдық.

*(Жулдыз)*

Жигирма төрт қызы бар,
Ол да бир жаўан,
Он еки улы бар,
Сақып қыран.

*(24 саат, 12 ай)*

Бир пәлекте он еки түйнек,
Алтаўы ашшы, алтаўы душшы.

*(Алты ай қыс, алты ай жаз)*

Қара атым қалтырайды,
Қабырғасы жалтырайды.

*(Суў)*

Балтасыз уста, ағашсыз көпир
салады.

*(Муз)*

Аспаннан гүби түсти,
Гүбиниң түби түсти.

*(Гүлдирмама)*



Үлкен таулар дүгисти,
Жылт-жылт етип от ушты.

(*Булт, найзағай*)

Сууықта қатады,
Жыллыда зытады.
Сүттен тынық,
Пахтадан ақ.

(*Қар*)

Тарсылдап жерге түседи,
Оны көрген балалар,
Куўырмашпа деседи,
Күнниң көзин көриўден,
Ғайып болып кетеди.

(*Буршақ*)

Есиктен кирер еңкейип,
Төрге шығар динкейип.

(*Суўық*)

Куусаң жеткермейди, мойын
бурмайды,

Услайын десем қолда турмайды,
Кәҳәрленсе қабағыңды үйдирер,
Бирақ сөгип сабамайды,
урмайды.

(*Суўық, боран*)

Балқан таўдың басында,
Балық кетип барады,
Куйрық-қалаш баўырына,
Тийип кетип барады.

(*Булт*)

Жумбағым жутылды,
Көлге барып қутылды.

(*Қуйын*)

Қал десеңде қалмайды,
Өзи жүре алмайды.

(*Һөлеңке*)

Узын-узын, узын терек,
Узын бойлы қыз терек,
Минейин десем шақасы жоқ,
Жейин десем миййўасы жоқ.

(*Түтин*)

Жаўрағанды кептирер,
Аяғы жоқты жүргизер,
Өз еркине жиберсен,
Дуйым журтты бүлдирер.

(*От*)

Қурық басты еки таўық,
Бири ыссы, бири суўық.

(*Ыссы, суўық*)

Он еки шақалы нәрўан терек,
Ҳәр шақада отыз жапырақ
Жапырақтың бир жағы қара,
бир жағы ақ.

(*Он еки ай отыз күн-түн*)

Суўдан шығады,
Суўдан қорқады.

(*Дуз*)

Суўға салсаң—жанар,
Отка салсаң—қанар,

(*Ҳәк*)

Өзиңнен озбас, изиңнен
қалмас.

(*Көлеңке*)

Тау асырып оқ аттым,
атқан оғымды жогалттым.

(*Жулдыздың ағыўы*)

Аяғы жок кашады, қанаты
жоқ ушады.

(*Түтин*)

Жутсаң карның тоймайды,
Жутпасаң жасап болмайды.

(*Ҳаўа*)

## АДАМЗАТКА БАЙЛАНЫСЛЫ ДӨРЕГЕН ЖУМБАҚЛАР

Азанда төрт аяқлап жүреди,
Түсте еки аяқлап жүреди,
Кеште үш аяқлап жүреди.

(*Адамның еңбеклеген, есейген, қартайғандағы ҳаса таянып жүретуғын дәуири*).

Дауысы бар сөзи жоқ,
Жаны бар, тили жок,
Минген атының жаны жок.

(*Бесиктеги бала*)

Ийрим-ийрим, ийрим жумбак,
Ийримлесип келер жумбақ.

(*Адамның өмири*)

Қазанда писпес, табаққа түспес,
Оны татпас адам болмас.

(*Ананың сүти*)

Кеўилсизге жубаныш,
Кеўиллиге kуўаныш.

(*Толғаў*)

Тий десем тиймейди,
Тийме десем тийеди.

(*Ерин*)

Аш десем ашылады,
Жап десем жабылады.

(*Аўыз*)

Биреуи сайрап тур,
Екеўи тыңлап тур,
Екеўи карап тур.

(*Тил, қулақ, көз*)

Туўыскан еки ана бар,
Екеўинде он бала,
Ҳәр биринин аты бар,
Өз исине мәрдана.

(*Бармақлар*)



Дүньяда ең керек,
Ең induced керектен артық не керек.

(*Ден саўлық*)

Биреўге кең дүнья,
Биреўге тар дүнья.

(*Ақыл*)

Ақыллыға айтсам,
Ойлады да билди,
Ақылсызға айтсам,
Тыңлады да күлди.

(*Жумбақ*)

Таўдан-бийик, теңизден терең.

(*Қыял*)

Бир жибим бар қайда
узатсамда,
Сол заматта жетеди.

(*Кеўил*)

Гүлдир шаменниң саласы,
Тилдур аўыздың қаласы,
Отыз еки мәйектен,
Кырк еки шөже шығады.

(*Сөз*)

Бир таўдың басында еки лашын,
Көрмейди, қанша ушса да
таўдың басын.

(*Бас, кирпик*)

Еки бала аяқласып атыр,
Тура сала таяқласып атыр.

(*Кирпик*)

Кишкене ғана караша,
Турған жери тамаша,
Бир зәрреде жер жүзин,
Алады шарлап қараса (*Көз*)

Таралса бес, бириксе бир

(*Жудырық)*

Биз-биз едик, биз едик,
Отыз еки қыз едик,
Бир тахтаға дизилдик,
Бирим-бирим үзилдик

(*Тис*)

Еки анадан он бала,
Өз исине мәрдана,

(*Бармақлар*).

## ҲАЙЎАНАТ ДҮНЬЯСЫНА БАЙЛАНЫСЛЫ

Апан-апан, жаман шапан,
Төрт тиреўиш, бир былғаўыш.

(*Түйе*)

Кишкене ғана бойы бар,
Аўдарып кийген тоны бар.

(*Қой*)

Турысы май, гөшкеде бай.

(*Шошқа*)

Мурты бар сақалы жоқ,
Тоны бар, кийетуғын шапаны жоқ,
Отырып от басында пайда ойлайды,
Алысқа баратуғын сапары жоқ.

(*Пышық*)

Күндиз—тулып, түнде—қулып.

(*Ийт*)

Таўдан тас жумалайды,
Оны ғаз қуўалайды,
Он еки жылда бир балалайды.

(*Жолбарыс*)

Жазда жайын жейди,
Қыста майын жейди.

(*Айыў*)

Ғарға көрсе ғақ деген,
Алдап аўзындағыны жеген.

(*Түлки*)

Асты тас, үсти тас,
Ортасында шандыр бас.

(*Тасбақа*)

Басы барда шашы жоқ,
Көзи барда қасы жоқ.

(*Балық*)

Буйрық берип епсейди,
Ерте турып тепсейди.
(*Қораз*)

Асты тахта, үсти тахта,
Ортасында мәлле пахта.
(*Мәйек*)

Қолы жоқ ылай тасыйды,
Балтасы жоқ жай салады.

(*Қарлығаш*)

Басына кийип алып қара пушқақ,
Келеди жазды өткерип арқа қыслап,
Ақ бешпент, женсиз көйлек кийип алып,
Жүреди еки қолын арқаға услап.

(*Алағарға*)

Ушыўы басқа, маңлайы қасқа.

(*Қасқалдақ*)

Тыррыў-тыррыў, тырналар,
Жүзим бағда жорғалар,
Ети—ҳарам, сорпасы—ҳадал,
Ойлап табың балалар.

(*Ҳәрреген*)

Аспанда бир қус ушар қанат қақпай,
Сол қустың қанатлары кетпен саптай.

(*Ийнелик*)



Жер астында жездемниң аты
киснейди.

(*Бузаўбас*)

Жарасықлы жолы бар,
Самалдан жүйрик жәниуар,
Дәртке даўа сүти бар,
Қандай мақлук таўып ал?!

(*Бийе*)

Еки туўылып бир өлели.

(*Қус*)

Жерден бийик, булттан пәс,
Дизилисип өтеди.
Қатарласып тап-тартып,
„П" ҳәрибин салады.
Зийрек болсаң егерде,
Санаўғада болады.

(*Тырна*)

Басында бар айдары,
Елеўсиз қус жайдары,
Шығады бәҳәр айлары,
Қосық айтса айталмайды.
Өз атынан басқаны,
Усы ўаққа шекем жоқ,
Жаңадан бир сөз қосқаны.

(*Әтшөк*)

## ӨСИМЛИКЛЕРГЕ БАЙЛАНЫСЛЫ ДӨРЕГЕН ЖУМБАҚЛАР

Аппақ-аппақ аппағым,
Түбиттен де жумсағым,
Иши толы ақ майым.
Кийим-кеншек белбаўым,
Жерден өнген байлығым

(*Пахта*)

Әсте-әсте, бойы пәсте,
От отлайды, суў ишпейди.
Өзи сондай ҳасыл нәрсе.

(*Пилле*)

Ўзын бойлы сарылар,
Қолтығында наны бар,

(*Бийдай*)

Писирсең аўқат, писирмесең
қус.

(*Мәйек*)

Формасы аша сыяқлы,
Иши толған тұқымға,
Жемейсең оны сорыйсаң,
Ширеси дым жағымлы.

(*Әнар*)

Бир өсимлик қоланған,
Қуры жапырақ оралған,
Дийханлар сүрип егеди,
Сорпа ушын жаралған.

(*Капуста*)

Жерден шығар таранып,
Тум-тусына қаранып,
Жигит ағасы болғанда,
Басына сәлле оранып.

(*Жүўери*)



Туяғын жерге тыққан,
Басынан майы аққан.

(*Кендир*)

Өзи қыллы, сатса пуллы,

(*Салы*)

Жерден шығар сайланып,
Белине қылыш байланып,

(*Мәкке*)

Мынаў неге муңаяды,
Басы неге қыйсаяды,
Дөгереги бозарып,
Көзи неге қызарады.

(*Тары*)

Жазда кийинеди, қыста
шешинеди

(*Терек*)

Узын терек, иши ғеўек,

(*Қамыс*)

Алыстан қарасаң таўдай,
Қасына келсең жаўдай.

(*Шеңгел*)

Дузсыз писken ас көрдим,
Домаланған тас көрдим,

(*Қаўын*)

Шығарында еки қулақ,
Үш айдан соң бир қушақ.

(*Ғарбыз*)

Пәлегинен туўдырған,
Алқымынан буўдырған.

(*Суў қабақ*)

Кишкене ғана бойы бар,
Қабат-қабат тоны бар.

(*Пияз*)

Жер астында қатара қазық.

(*Гешир*)

Күнниң нурын сүйемен,
Күнге басымды ийемен.

(*Айғабағар*)

Дузсыз пискен,
Қайнамай түскен.

(*Миўе*)

Сырты татлы ет,
Иши қатты тас,
Тастың ишинде,
Тағы дәмли ас.

(*Ерик*)

Қыста мазар,
Жазда базар

(*Жүзим*)

Қып-қызыл жаннан татлы,
Татқан жанды тақырқатты.

(*Алма*)



228263

К К АССР

8855

MA'LIWMATLIK
RESURS
ORAYI

Гүлсиз мийўе көрдим.

(*Әнар*)

Кишкене ғана қурт,
Гөреги тут,
Бәршени кийиндиреди,
Қызларды сүйиндиреди.

(*Наўқанқурт*)

Айналасы шардай,
Түси қандай,
Дәми палдай.

(*Шийе*)

Сырты қызыл, иши ақ,
Арасында бир таяқ.

(*Жийде*)

## РУЎЗЫГЕРШИЛИККЕ БАЙЛАНЫСЛЫ ДӨРЕГЕН ЖУМБАҚЛАР

Қара сыйырым қарап тур,
Қызыл сыйырым жалап тур.

(*Қазан. от*)

Қарабай ағам аттан түсти,
Балалары жуўырып шықты.

(*Қазан , табақ*)

Еки басы жудырықтай,
Ортасы қылдырықтай.

(*Еки баслы тутқыш*)

Арқана миндим хан болдым,
Есикке келдим қул болдым,
Отқа жандым күл болдым

(*Отын*)

Жатса тас, жақса отын

(*Көмир*)

Кишкене ғана мешел,
Сүңгип барып суў ишер.

(*Қабақ*)

Арқасында аўзы бар,
Тумсығында көзи бар.

(*Дигирман*)

Аўзы толы әләмат,
Иши толы бәләмат,
Түнде бардым урлыққа,
Алып шықтым күн шыға.

(*Тандыр*)

От басында омпайған,
Көкиреги томпайған.

(*Құмған*)

Кишкене ғана ақ тана,
Мүйизим бар деп мақта.

(*Шәйнек*)

От шығып төбесинен неғып отыр,
Аўзынан жыйнағаны ағып отыр,

Қолында ашырқаған биреў менен
Тамызбай бир периште қағып отыр.

(*Самовар*)

Аласа теректен қар жаўар

(*Елгезер*)

Дүньяда ең ауыр нәрсе не?

(*От*)

Әмир болып ҳүким етсең,
Уәзир болып бөлип берер.

(*Қайшы*)

Гүйсеп турған тас көрдим,
Дузсыз пискен ас көрдим.

(*Дигирман, қаўын*)

Шөпшегим, шөпшек,
Алтын эткөншек,
Жети қыздың алмасы,
Елеге шекем келиншек,

(*Қуўыршақ*)

Қырқ қулағы бар,
Еки аўзы бар.

(*Қоржын*)

Жылт-жылт еткен бәзирген,
Ел арасын ол гезген.

(*Теңге*)

Кишкене ғана мин тас,
Тартып урсаң сынбас.

(*Тийин*)

Тептим терекке шықтым,
Уштым, ушпаққа шықтым.

(*Ер зәңги*)

Ҳәммеге тон тигеди,
Өзи жалаңаш.

(*Ийне*)

Қара таўық қақырлайды,
Қанатлары сақырлайды.

(*Зиңгирмашина*)

Еки табақ, алты аяқ,
Ортасында бир таяқ.

(*Тәрези*)

Өзи дәннен тўўылған,
Бели қысып буўылған,
Үй ишинде сыпырық,
Алдына түсип жууырған.

(*Сипсе*)

Қабырғасы барда, қаны жоқ,
Аузы барда, жаны жоқ.

(*Себет*)

Дигирман-дигирман тасы бар,
Шақмақтан басы бар,

(*Шырпы*)



Белин бууып қылтыйып,
Үйде жатыр тылтыйып.

(*Сипсе*)

Әкеси аўзын ашты, баласы
теўип қашты.

(*Кели, келсап*)

Косақлап серпе бердим,
Изинен жорта бердим.

(*Қозақ*)

Ақ күшигим жуўра-жуўра,
буўаз болды.

(*Уршық*)

Ақ күшигим аңқ етти, даўысы
Хийўаға жетти.

(*Мылтық*)

Жансыз шабады, жанлы урады

(*Балта-адам*)

Қатарма-қатар, шынжырма
қатар
Жаз айланар, қыста жатар.

(*Шығыр*)

Өзи батыр, жолда жатыр.

(*Қақпан*)

Жүрсе изи жоқ, баўызласа
қаны жоқ,

(*Кеме*)

Узын, узын, узын ший,
Ушы қайдан табылар.

(*Жол*)

Жолға төсек, өткенге өсек,

(*Көпир*)

Бир тесиктен кирсең,
Үш тесиктен шығасаң.

(*Көйлек*)

Ерте турдым, еки айыр жолға
түстим.

(*Шалбар*)

Бир туўысқан еки жигит,
Бойлары дизден, қалмайды
изден,
Сақлайды, қардан, муздан.

(*Етик*)

Барады, барады аўзы ашылып
қалады.

(*Геўиш*)

Түнде жайылған, азанда
жыйылған.

(*Көрпе төсек*)

Аяғы жоқ, қолы жоқ,
Көйлеги көк, қарны тоқ.

(*Көпшик*)

Жатса жабадай, турса түйедей,

(*Пешехана*)

Жумалатсам жаны жоқ,
Баўызласам қаны жоқ.

(*Камыр*)

## ОҚЫЎ БИЛИМ ТУЎРАЛЫ

Әпиўайы жай қарасаң,
Жети жаста барасаң,
Ишинде түрли жемис бар,
Талап етсең аласаң.

(*Мектеп*)

Елимниң бир баласы
Балалардың санасы,

(*Муғаллим*)

Аўзы биреў, тили екеў, жаны жоқ,
Оның жүрген излериниң саны жоқ,

(*Перо*)

Аяғы биреў қолы жоқ,
Қыйыр-қыйыр жолы көп.
Өзи сөйлей билмейди,
Жүрсе изи сөйлейди.

(*Қәлем*)

Кеўлиме шашып нур,
Ҳәр қағазы сөйлеп тур.

(*Китап*)

Дәрьясы барда суўы жоқ,
Шәҳәри барда ели жоқ,
Егер барып сорасаң,
Жасыратуғын сыры жоқ.

(*Карта*)

Төрт көз айна қарасаң,
Ҳәр күни қолға аласаң,
Үңилип дүнья жүзине,
Бәрине көз саласаң.

(*Газета*)

Ийрек-ийрек изи бар,
Суў тамызсаң сызылар,
Егер суўы болмаса,
Жүрседе изи жоқ болар.

(*Перо*)

Қол менен шаштым,
Тил менен ордым.

(*Хат*)

Шәкирт түўе устазлар,
Даўысына бағынар,
Каникулда балалар,
Даўысын оның сағынар.

(*Қоңыраў*)

Келмейди көзге көринип,
Береди хабар билинип.
Бармасыңа болмайды.
Отырсаңда еринип.

(*Телефон*)

Тамаша екен жүриси,
Мәнзил асып келиси,
Жарықлықтың киснеўи,
Аяққа кийген темири,
Гөрегинде көмири,
Жерди жарып келиўи.

(*Поезд*)



Жаны аякта,
Жүреги қолда,
Қуўанышы жерде.

(*Велосипед*)

Үйрек емес, ғаз емес,
Балық емес суўдағы,
Өзи жүзиў биледи.
Гөреги май, табылса көмир,
Жуўабын ким биледи.

(*Параход*)

Ат деп ат емес,
Аяғы жоқ, аўкат жемес,
Бензин болса толы,
Алып ушады болып жолы.

(*Автомашина*)

Тумсығы үлкен тис екен,
Жүк көтерип тур екен,
Көтер десең болғаны.
Әл ҳаўаға тиреген.

(*Көтергиш кран*)

Өзи орып өзи женшип,
Өзи қанарға салар,
Шалып орып жыйнағанда,
Атызлар тазарып қалар.

(*Комбайин*)

Қус сыяқлы қус емес,
Сырғып ушқан бийикке,
Қанаты бар қақпайды,
Ушсада қанша бийикке,

(*Самолёт*)

Майы жоқ жарығы бар,
Ийси жоқ ыссысы бар.

(*Электр тогы*)

Қақпақлы ыдыс жайғана,
Көп асады пайдаға,
Қайнаған суў ишинде,
Суўымас бир күн қойсада,

(*Термос*)

Аяққа беккем байладым,
Музда сыргып ойнадым,
Қызық екен бул өзи,
Ойнаўға ҳеш тоймадым.

(*Коньки*)

Жүреди тық-тық,
Етеди шық-шық,
Сақлаңыз есте,
Күтә керекли исте.

(*Саат*)

Жүз мың ашығы бар,
Ҳәммеси қарийдар.

(*Пул*)

Өзи кеўил ашады,
Суўға салсаң қашады.

(*Сабын*)

Тазалыққа дым керек,
Қарнын тойдыр пайдалан,
Сораған менен бермейди,
Түсинбейди түртпесең.

(*Умывальник*)

Бурасан қулағын.
Агызады булағын.

(*Кран*)

Бир қарасаң көресен,
Тазалықты билесен.

(*Айна*)

Ак отау тигиули тур есиги
жоқ,
Күн түсер төбесинде тесиги
жоқ,
Бир бақан ортасында тиреули
тур,
Уўықтың байлаўы бар шешими
жоқ.

(*Зонтик*)

Жақында пайда болған қус,
Жердин жүзин шолған қус.
Бизиң елде ер жетип,
Айдан хабар алған қус.

(*Космос кеме*)

Нур сәўледен озады,
Дүньяның бәрин гезеди,

(*Ракета*)

Көп жеринен байланған,
Ишин шадлық жайлаған,
Ҳаслы ағаш болсада,
Қыдықласаң сайраған.

(*Дуўтар*)

Қатлам-қатлам қарны бар,
Бели сулыў гил илгек,
Пружинадай созылар,
Қутыдай болып көринген.
Сәдеплер қатар тағылған,
Шебер шертсе даўысы.
Жай алады жаныңнан,

(*Аккардион*)

Ғаз мойынлы қара баслы,
Саз-сәўбетли намасы бар,
Алам деўге шамасы бар,
Билсең бунын мәниси бар.

(*Патефон*)

Жанлы-жансызды сабайды.
Жансыз шыңғырып жылайды.
Жылағаны көпке унайды.

(*Барабан*)

Бир ағашта ойылған,
Ишине мәни қуйылған,
Мәни жалған сөйлесе,
Қулағынан бураған.

(*Қобыз*)

Тил, аўзы жоқ.
Сөйлесең сөйлейди.

(*Микрофон*)

Үйде турып дүнья гезген.
Дүньяның бар тилинде сөйлеп
билген.

(*Радио*)

Бир айнаға жаҳан сыйған.

(*Телевизор*)

## ЖАҢА ТҮРДЕГИ СОРАЎЛЫ ЖУМБАҚЛАР

Дүньяда ең аўыр нәрсе не?
Дүньяда тамырсыз зат не?
Қанатсыз ушқан зат не?
Коян неге секиреди?
Мал неге жатады?
Неге ийт үреди?
Патша кимге бас ийеди?
Дүньяда ең ашшы нәрсе не?

Татлыдан татлы қандай зат?
Дүньяда бир зат бар, хәрким оған мүтәж,
Хәрким сорайды, бирақ гейбиреўлер ғана оны тутады.
Дүньяда пулға табылмайтуғын қайсы зат?
Аўқатсыз жүретуғын не?

ҚАРАҚАЛПАҚ ХАЛЫҚ ЖУМБАҚЛАРЫ

Қарақалпақ тилинде

*„Қарақалпақстан" баспасы*

*Нөкис — 1996*

Редакторы *Косназаров Жаббарберген*
Художниги *Исмайыл Қыдыров*
Худ. редакторы *Уайс Ережепов*
Тех. редакторы *Гүлжамал Ақназарова*
Корректоры *Арзыхан Аташева*

**ИБ № 1832**

Териўге берилген ўақты 28. 03. 96 ж. Басыўға руқсат етилген ўақты 17. 04. 96 ж. Қағаз форматы 70x90$^{1}/_{16}$ Газеталық қағаз 2 Әдебий гарнитура, кегль 12 Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 1,75 баспа табақ 2,05 шәртли баспа табақ 2,10 есап баспа табақ. Жәми 2000 нуска. Буйыртпа 193 Баҳасы 19 сум 60 т.

„Қаракалпакстан" баспасы, 742000. Нөкис қаласы. Қарақалпақстан көшеси, 9.

Қарақалпақстан Республикасы баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң Нөкис полиграфкомбинаты 742000. Нөкис қаласы, Қаракалпақстан көшеси, № 9.